

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pangajaran nulis aksara Sunda téh penting, utamana dina ngamumulé warisan budaya ti karuhun. Ku kaparigelan nulis aksara Sunda, informasi ngeunaan sejarah, ajén-inajén budaya sarta aspék budaya liana bisa ditepikeun ka generasi saterusna. Salian ti éta kaparigelan nulis aksara Sunda ogé bisa jadi inspirasi pikeun nyieun rupa-rupa karancagéan tina éta aksara contona aksara Sunda bisa dijieun kaligrafi dina lukisan, bisa dijieun plang jalan, tina aksara Sunda bisa nyieun mural, bisa ogé dijieun patung jeung ukiran.

Niténan kaayan kiwari hasil pangajaran nulis téh masih keneh can nyugemakeun. Nurutkeun Sudarmansyah (2014, kc.1) Tina rupaning panalungtikan anu dilaksanakeun seméméhna, katitén yén kamampuh nulis ti mimiti siswa sakola dasar nepi ka paguron luhur masih keneh asor.

Tina data nilai siswa kelas VII di SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajar 2013/2014, katitén hasil diajar nulis aksara Sunda siswa masih can nyugemakeun. Tina sakelas anu jumlah siswana aya tilu puluh opat urang anu geus bisa ngahontal KKM ngan dalapan urang éta ogé nilaina pas standar kelulusan. Ieu kondisi jelas ngagambarkeun rendahna hasil diajar siswa dina nulis aksara Sunda.

Hasil pangajaran nulis husuna nulis aksara Sunda anu can nyugemakeun éta, sabab ayana sababaraha pasualan di antarana nya éta siswa ngarasa hésé dina nulis aksara Sunda, alatan teu apal kana wangun aksara Sundana, teu apal dina nerapkeun rarangken. Pasualan séjén, prosés diajar nu monoton tur kurang parigelna guru dina nyiptakeun média pangajaran alternatif nu antukna minat siswa dina diajar nulis aksara Sunda téh kurang.

Sangkan dina kagiatan pangajaran ngeunaan aksara Sunda hususna nulis aksara Sunda teu monoton, tur bisa ngahudang minat siswa kana nulis aksara Sunda, guru kudu ngagunakeun média anu cocog dina nepikeun matéri ajar nalika kagiatan pangajaran lumangsung.

Muhammad Ridwan, 2015

MÉDIA ULAR TANGGA DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi Taun Ajar 2014/2015
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Média pangajaran miboga peran penting dina prosés pangajaran di sakola, sabab média mangrupa perantara anu mantuan guru dina nepikeun matéri ajar. Nurutkeun Kemp jeung Dayton (dina Arsyad, 2013, kc.23) Dipakéna média dina prosés pangajaran miboga sababaraha fungsi di antarana 1) fungsi motivasi anu bisa ngirut minat jeung méré *rangsang* ka siswa pikeun diajar, 2) fungsi informasi digunakeun dina nepikeun informasi ka siswa sangkan bahan pangajaran jadi leuwih jelas jeung gampang dipaham ku siswa, sarta 3) fungsi instruksi.

Dumasar pentingna média dina pangajaran, ku kituna perlu ayana *modifikasi* média. *modifikasi* média dina kagiatan pangajaran téh mangrupa upaya pikeun nyieun kagiatan pangajaran jadi leuwih *efektif* tur kahontalna hasil anu hadé. Tina sababaraha *modifikasi* média pangajaran anu aya, dipilih média ular tangga anu dipaké dina pangajaran nulis aksara Sunda.

Média *ular tangga* cocog dipaké dina pangajaran nulis aksara Sunda sabab miboga sababaraha kaonjoyan di antarana nya éta média *ular tangga* bisa ngahontal kognitif sacara umum, hususna nu kaasup kana ngawanohkeun, ngabédakeun, jeung maham dina nulis aksara Sunda. Bisa ngirut minat siswa dina diajar aksara Sunda, bisa nyieun struktur kognitif siswa dina diajar jadi leuwih *stabil* tur kasusun sacara relevan. Ieu hal bisa méré pemahan anu gancang dina nulis aksara Sunda.

Panalungtikan ngeunaan pangajaran aksara Sunda saméméhna geus aya nu nalungtik, disusun dina wangun skripsi di antarana ku Ervani (2013) ngeunaan “média *flash card* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda”. Hasil panaluntikanana nuduhkeun yén kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda téh ngaronjat, katitén tina hasil tes siklus II aya 22 urang anu bisa ngahontal nilai 100, 7 urang ngahontal nilai 90, 6 urang ngahontal nilai 70. aya deui Sudarmansyah (2014) nu nalungtik ngeunaan “Média *Strip Story* dina Nulis Aksara Sunda”. Hasilna nuduhkeun yén kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda téh ngaronjat, katitén tina rata-rata nilai siswa anu tadina 55,25 jadi 86,25. Najan panalungtikan nu bakal dilakukeun miboga sasaruuan jeung panalungtikan nu di luhur nya éta ngaguar perkara nulis aksara Sunda. tapi aya ogé pangbédana nya éta variabel bébas nu digunakeunana, ari skripsi di luhur mah varibel bébasna ngagunakeun

média *flash card* sarta média *strip story*, ari nu ieu mah ngagunakeun média *ular tangga*.

Dumasar kana pentingna média dina kagiatan pangajaran, pentingna nulis dina pangajaran basa Sunda utamana nulis aksara Sunda, sarta pausalan-pasualan anu aya dina kagiatan nulis aksara Sunda. Ngajurung panalungtik pikeun ngayakeun panalungtikan dina narékahan pasualan dina kagiatan pangajaran nulis, hususna nulis aksara Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Média *Ular Tangga* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (studi kuasi ékspérimén ka kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi 2014/2015)”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan miboga watesan jeung rumusan masalah

1.2.1 Watesan masalah

Sangkan panalungtikan leuwih éféktif jeung museur kana hiji titénan, panalungtik nyanggeum ieu masalah anu ditalungtik ku cara museurkeun panalungtikan ngeunaan média *ular tangga* dina nulis aksara Sunda di kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajaran 2014/2015, anu ngawengku aksara ngalagena, aksara swara atawa vokal, sarta ngalarapkeun rarangken kalawan ngagunakeun média visual nya éta média *ular tangga*.

1.2.2 Rumusan masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu diébrehkeun di luhur, sangkan nu rék dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahanana, masalah panalungtikan dirumuskeun ieu dihandap :

- 1) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda Siswa kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun média *ular tangga*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda Siswa kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi 2014/2015 sabada ngagunakeun média *ular tangga*?

- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda di kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *ular tangga*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan hakékatna miboga tujuan. Luyu jeung kasang tukang masalah nu geus diébrehkeun, tujuan dina ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan pikeun mikanyaho pangaruh média *ular tangga* kana kamampuh nulis aksara Sunda di kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajar 2014/2015.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang jeung rumusan masalah. Tujuan masalah téh pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis aksara Sunda Siswa kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajar 2014/2015 saméméh ngagunakeun média *ular tangga*;
- 2) kamampuh nulis aksara Sunda Siswa kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajar 2014/2015 sabada ngagunakeun média *ular tangga*;
- 3) bédana kamampuh nulis aksara Sunda di kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajar 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *ular tangga*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa mangpaat pikeun sistem pendidikan dina nyiptakeun média pangajaran basa Sunda

1.4.2 Manfaat praktis

1) Pikeun Guru

Pikeun guru basa Sunda bisa nambahan pangaweruh dina milih média anu digunakeun dina kagiatan pangajaran di kelas. Hususna média *ular tangga* dina pangajaran aksara Sunda, sarta mikanyaho kumaha siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda sabada digunakeun média *ular tangga*.

2) Pikeun Siswa

Siswa bisa miknyaho mangpaat média *ular tangga* dina pangajaran nulis aksara Sunda, nepi ka minat jeung sumanget siswa diajar nulis aksara Sunda bisa ngaronjat.

3) Pikeun Panalungtik

Sanggeus ngalaksankeun ieu panalungtikan, bisa dipikanyaho babandingan kamampuh Siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, bab I ngeunaan bubuka. Eusina ngébréhkeun kasang tukang panulis dina panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Mangpaat tulisan, boh mangpaat praktis boh mangpaat tioritis, jeung raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II medar tiori-tiori ngeunaan média *ular tangga*, aksara Sunda jeung hipotesis.

Bab III ngébréhkeun métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan, téknik panalungtikan, instrumén panalungtikan, wangenan operasional.

Bab IV ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun media *ular tangga*, jeung medar pangaruh média *ular tangga* dina nulis aksara Sunda siswa.

Bab V nya éta panutup tina skripsi. Ngébréhkeun kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta méré saran pikeun panalungtikan saterusna.